

Konsantman pou sèvis Pwofesè itineran edikasyon espesyal anpèsòn (Special Education Itinerant Teacher, SEIT)

Non elèv la:	# ID elèv la:	Dat Nesans:
Adrès:	# Apatman:	
Vil:	Eta: New York	ZIP:
Non founisè a:	# Telefòn:	
Ajans founisè a :	# Telefòn:	

Eksplikasyon:

Ou dwe ranpli fòm konsantman sa a avan yo kòmanse oswa avan yo kontinye sèvis SEIT anpèsòn.

Mwen menm, (Non konplè paran/responsab) _____, mwen dakò pou yo ofri pitit mwen an sèvis SEIT anpèsòn. Mwen konprann SEIT adistans toujou disponib ak pi bon pandan eta ijans ki deklare akòz COVID-19 la. Mwen dakò kondisyon ki pi ba yo pou yo ka bay pitit mwen an sèvis SEIT nan fason ki gen plis sekirite posib la.

1. Tout moun k ap prezan nan sesyon an epi ki gen laj 2 lane pou pi piti ap kouvri vizaj yo.
2. Pitit mwen an ap kouvri vizaj li pandan sesyon yo sofsi li pa apwopriye akòz pwoblèm medikal oswa devlopman oswa si founisè a panse li ka bay gwo pwoblèm nan sèvis y ap ofri a.
3. Tout moun ki prezan men ki pa konsène dirèkteman nan sesyon an, ap rete nan yon distans 6 pye ak kote y ap fè sesyon an.
4. Tout moun ki prezan ap lave men yo avèk savon ak dlo oswa ap itilize dezenfektan pou men ki gen alkòl imedyatman avan sesyon an kòmanse ak imedyatman apre li fini.
5. Si sesyon an ap fèt lakay mwen, m ap bay founisè SEIT la aksè nan lavabo, savon ak sèvyèt papye pou lave ak seche men l apre li fin rive, imedyatman avan sesyon an kòmanse ak apre sesyon an fini.
6. Avan chak sesyon, m ap kontwole sante p am, sante pitit mwen an ak lòt moun ki nan kay la pou wè si yo gen sentòm COVID-19, tankou lafyèv, frison, tous, respirasyon kout, doulè misk, gòj fè mal, pèt gou ak sant. M ap avèti ajans lan si nenpòt moun lakay mwen malad oswa si yo gen nenpòt nan sentòm sa yo avan sesyon an oswa lè founisè a mande m avan sesyon an.
7. M ap avèti ajans lan si nenpòt nan bagay sa yo rive nenpòt moun nan kay mwen:
 - a. Teste pozitif avèk COVID-19 nan espas 14 jou pase yo
 - b. Yon doktè oswa ekip tèl NYC ak ekip k ap retrace moun lan di pou m rete lakay akòz COVID-19
 - c. Oblije rete nan karantèn dapre avètisman vwayaj Eta Nouyòk akòz COVID-19 (<https://coronavirus.health.ny.gov/covid-19-travel-advisory>)
8. Si yo dwe anile yon sesyon anpèsòn pou ranplase l avèk yon sesyon SEIT adistans, sesyon k ap fèt adistans lan se yon ranplasman, se pa yon lòt anplis sesyon anpèsòn lan.
9. Founisè SEIT la p ap pote jwèt oswa materyèl lakay ou ni nan lokal gadri a pou itilize pandan sesyon an, eksepte papye.

Non Paran/Responsab (Ekri byen klè)

Siyati Paran/Responsab

Dat